Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# Кхиазхоша ден зуламаш алсамдовларехь Нохчийчоь, ГІебарта-Балкхаройчоь, Къилбаседа ХІирийчоь хьалха йу

Товбеца-бутт 23, 2026




Гайтаман сурт

Кхиазхоша ден зуламаш алсамдевллачу Оьрсийчоьнан пхеа регионашлахь билгалйаьлла Нохчийчоь, ГІебарта-Балкхаройчоь, Къилбаседа ХІирийчоь а. Чоьхьарчу гІуллакхийн министраллин зерашна тІетевжина, цунах лаьцна хаамбина пачхьалкхан ТАСС агенталло.

Официалан хьесапашца а догІуш, 2026-чу шарера схьа дуьйна Нохчийчохь бархІ кхиазхочо зулам дина. Ткъа стохка изза йукъ схьалаьцча, махкахь оцу кепара зуламаш хилла дац цхьа а. ГІебарта-Балкхачройчохь а и гайтам кхозза лакхабаьлла гуш бу – 16-нна тІера 58 стаге герга. Къилбаседа ХІирийчохь шозза сов лакхара бу гайтам: 7- 17 стаге.

Иштта кегийрхойн зуламаш уггаре а алсамдевллачу кIошташлахь хьалхарчу пхеа регионца йу Чукотка а, Пензан кIошт а. Чоьхьарчу гIуллакхийн министралло бинчу хаамца, стохка оццу муьрца дуьстича, 2026-чу шеран хьалхарчу эхашарахь кхиазхойн зуламхойн терахь 945-нна тIера 11 429-не кхаьчна.

- Оьрсийчохь пачхьалкхана дуьхьал зуламаш дина бохуш, кест-кеста беххкебо кхиазхой. Оцу гIуллакхех лаьцна хаамаш бо бакъонашларайарн органаша а, къайлахчу сервисаша а. Дукха хьолахь цара тIедетта, «Украинерчу кураторийн тIедахкаршца» лелаш хилла лецнарш олий, цхьана а кепара далош тоьшаллаш а доцуш. Тхан редакцино къамел динчу бакъонашларйархошна хетарехь, дукха хьолахь ницкъахоша дина питанаш бахьана долуш тIаьхьабуьйлу кхиазхошна.

Керланаш

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю